



VIL CAMBRIDGE

KOMITE KOMISYONÈ ELEKSYON YO

689 Massachusetts Ave Ste 1, Cambridge, Massachusetts 02139-3302 • Telefòn 617-349-4361 • TTY: 617-492-0235
Faks: 617-349-4366 • Imel: Elections2@cambridgema.gov • Sitwèb: www.cambridgema.gov/election

KOMISYONÈ

Ethridge A. King, Jr.
Larry W. Ward
Charles J. Marquardt
Thomas J. Stohlman, Jr.

DIREKTÈ EGZEKITIF
Tanya L. Ford

DIREKTÈ ASISTAN
Lesley A. Waxman

Chè Elektè Cambridge,

Komisyon Komisyonè Eleksyon yo, an akò avèk Chapit 630 Lwa 1989 yo, soumèt bay elektè Cambridge yo tèks Kesyon Bilten Vòt #1 jan l ap parèt sou bilten vòt ELEKSYON MINISIPAL 4 NOVANM 2025 lan, ansanm ak rezime pwopozisyon ak agiman ki an favè ak kont yo, jan Chapit 630 Lwa 1989 yo egzije sa.

City Council (Konsèy Minisipal) la pwopoze pou adopte yon nouvo Konstitisyon pou Vil la, ki se lwa ki preskri estrikti gouvènman Cambridge la. Konstitisyon an etabli pouvwa City Council la, City Manager a, ak Komite Lekòl la.

City Council la te vote nan dat 14 avril 2025, ke nouvo Konstitisyon Vil ki pwopoze a dwe soumèt bay elektè Vil Cambridge yo pou yo aksepte l nan pwochen eleksyon chak de lane a, ki pral fèt nan dat 4 novanm 2025, sou fòm kesyon sa a:

Kesyon 1 Èske yo ta dwe aksepte yon Lwa ki etabli yon Konstitisyon pou Vil Cambridge?
--

Rezime pwopozisyon an: Chanjman City Council la pwopoze a t ap ranplase Konstitisyon Plan E aktyèl Vil la nan Chapit 43 Lwa Jeneral yo, Seksyon 93 avèk yon nouvo Konstitisyon Vil.

Anba Nouvo Konstitisyon Vil la, Cambridge ap kontinye gouvène anba fòm gouvènman City Council/City Manager a. City Council la, ki gen nèf manm epi eli pou yon manda dezan, ki nome pa elektè minisipal yo an jeneral atravè reprezantasyon pwopòsyonèl, ap egzèsè pouvwa lejislatif Vil la. Manm eli City Council la dwe chwazi, chak manda, pami manm li yo atravè vòt majorite yon majistra ak yon vis majistra, ki pral sèvi pou yon manda dezan. Menm jan ak anba Konstitisyon Plan E aktyèl la, majistra a ap kontinye rekonèt kòm chèf ofisyèl vil la pou tout rezon seremoni, li pral prezidan City Council la, li pral yon manm Komite Lekòl la, li p ap gen okenn pouvwa veto/blokaj, epi li pral gen menm pouvwa ak nenpòt lòt manm konsèy la. City Council la ap kontinye nome dirèkteman City Manager, City Auditor, ak City Clerk la.

Anba Nouvo Konstitisyon Vil la, City Council la ap kontinye nome yon City Manager, ki pral chèf egzekitif vil la epi ki pral responsab devan City Council la pou bon administrasyon tout zafè vil yo mete anba responsablite City Manager a pa oswa selon konstitisyon an. City Manager a ap responsab pou aplikasyon politik City Council la etabli, jan sa refleto nan vòt ak rezolisyon City Council la ak nan òdonans, lòd apwopriasyon, ak otorizasyon prè.

Anba nouvo Konstitisyon Vil la, Komite Lekòl Cambridge la ap kontinye gen sis manm ke elektè minisipal vil la pral nome epi eli pou yon manda dezan, epi majistra a ap sèvi kòm setyèm manm nan. Anba nouvo Konstitisyon Vil la, manm Komite Lekòl la pral kounye a eli pami manm eli yo, youn pou sèvi kòm prezidan ak youn pou sèvi kòm vis prezidan. Komite Lekòl la ap kontinye gen tout pouvwa ke Lwa Jeneral Massachusetts yo, konstitisyon an ak òdonans lan bay komite lekòl yo, tankou chwazi ak retire yon sipèntandan lekòl yo ki pral responsab administrasyon sistèm lekòl la, fè tout règleman, règ ak politik rezonab pou jesyon sistèm lekòl piblik la, epi

adopte ak sipèvize administrasyon yon bidjè fonksyonman anyèl pou depatman lekòl la, sijè a apwopriasyon City Council la.

Nouvo Konstitisyon Vil la òganize selon atik epi li itilize yon langaj ki net anrapò ak sèks pou fè li pi konpreyansib ak aksesib pou piblik la.

Nouvo Konstitisyon Vil la etabli nouvo pwosedi sipèvizyon ak finansye.

Nouvo Konstitisyon Vil la kodifye sistèm eleksyon reprezantasyon pwopòsyonèl chwa klase Vil la epi li pèmèt Konsèy Komisyonè Eleksyon Vil la pibliye règleman epi fè chanjman nan pwosesis bilten vòt chwa klase a ak tabilasyon an si sa nesèsè pou asire entegrite ak bon fonksyonman eleksyon minisipal Vil la.

Nouvo Konstitisyon Vil la ankouraje patisipasyon piblik la epi kodifye mezi petisyon piblik atravè inisyativ ak referandòm.

Dapre Chapit 630 Lwa 1989 yo, Komisyon Elektoral la dwe enprime agiman ki pou ak kont yon kesyon ki soumèt sèlman bay elektè Cambridge yo. Pi ba a se agiman sa yo:

AGIMAN AN FAVÈ KONSTITISYON KI PWOPAZE A

Yon konstitisyon se dokiman legal ki pi enpòtan nan yon vil, li defini estrikti ak òganizasyon gouvènman lokal li a. Cambridge pa revize konstitisyon li depi yo te adopte fòmil gouvènman Plan E a an 1940, sa gen 85 ane. Konstitisyon nou an rete san chanje pandan vil la ak mond lan chanje dramatikman.

Yon vòt WI sou kesyon bilten vòt la ap fè Vil la adopte yon nouvo konstitisyon, devlope apati deliberasyon Charter Review Committee (Komite Revizyon Konstitisyon) Vil la ak City Council la pandan de dènye ane yo. Nouvo konstitisyon an klarifye epi modènize langaj li a ak pi bon òganizasyon, langaj net anrapò ak sèks, ak nouvo definisyon pou fè li pi fasil pou konprann epi pi aksesib pou piblik la. Nouvo konstitisyon an kenbe fòm gouvènman City Council/City Manager aktyèl la epi li kodifye nouvo pwosedi sipèvizyon ak responsablite yo. Nouvo konstitisyon an kenbe Komite Lekòl aktyèl Vil la men kounye a prezidan li chwazi pami manm li yo. Nouvo konstitisyon an kodifye nouvo pwosedi ak règleman bidjè ki ankouraje pi bon planifikasyon fiskal ak transparans. Nouvo konstitisyon an kodifye sistèm eleksyon reprezantasyon pwopòsyonèl chwa klase Vil la pou eleksyon minisipal li yo, tout pandan l ap ba li kapasite pou adopte nouvo règleman pou metòd kontaj modèn, transfè vòt anplis, ak lòt pwosedi yo.

Nouvo konstitisyon an modènize gouvènman Cambridge la tout pandan l ap ranfòse angajman nou anvè valè fondamantal Vil la ki se egalite, jistis, divèsite, angajman kominotè, ak enklizyon. Yon vòt WI ap asire estrikti ak valè gouvènman Vil la ap kontinye nan 21yèm syèk la.

AGIMAN KONT KONSTITISYON KI PWOPAZE A

Depi adopsyon li an 1940, konstitisyon Cambridge la te opere anba yon fòm gouvènman "Plan E", ki anba lwa eta a estriktire kote City Council la anboche yon City Manager pou sèvi kòm chèf egzekitif Vil la. Konstitisyon Plan E nou an te sèvi Vil la byen lè li te bay yon gouvènans efikas, pwofesyonèl, ak reyaktif, li te ede reponn a bezwen divès rezidan nou yo epi li te ede fè nou youn nan vil ki pi pwospè nan Commonwealth la. Malerezman siksè sa a, gen kèk defansè ki swete pou Vil la abandone konstitisyon Plan E aktyèl li a epi, atravè kesyon bilten vòt sa a, adopte yon nouvo konstitisyon. Adopte yon nouvo konstitisyon pa nesèsè, paske Plan E City Council/City Manager a fòm gouvènman, Komite Lekòl la, ak eleksyon reprezantasyon pwopòsyonèl yo ap kenbe. Anpil nan chanjman ki pwopoze yo, tankou seksyon sou finans ak bidjè Vil la pa nesèsè tou etandone Vil la deja swiv yo atravè òdonans oswa politik. Chanjman nan pwosedi eleksyon Vil la menm jan an tou pa egzije pou yo adopte yon nouvo konstitisyon. Finalman, sèten chanjman yo pwopoze yo kraze baryè ki genyen ant branch lejislatif ak egzekitif la, sa ki degrade separasyon pouvwa yo epi ki nuizib pou pran desizyon.

Konstitisyon ki pwopoze a pa nesèsè epi li pa fè anyen pou avanse sa konstitisyon Plan E Vil la deja reyalize: ankouraje bon gouvènans epi ranfòse angajman Vil la an vè egalite, divèsite, angajman kominotè ak enklizyon. Aktyèl Konstitisyon Plan E Vil la mache byen, epi yon vòt NON ap asire li pral kontinye sèvi rezidan Vil la efikasman nan 21^{yèm} syèk la.

Pou wè vèsyon multileng rezime kesyon bilten vòt la ak nouvo Chat Vil la ki pwopoze a nan tout antye li, tanpri vizite www.cambridgema.gov/charterquestion

